



*The Commonwealth of Massachusetts
Executive Office of Health and Human Services
Department of Children and Families
600 Washington Street, 6th Floor
Boston, MA 02111*

CHARLES D. BAKER
Gouvènè

KARYN E. POLITO
Gouvènè Adjwen

Telefòn.: 617-748-2000 Faks: 617-
261-7435

www.mass.gov/dcf

MARYLOU SUDDERS
Sekretè

LINDA S. SPEARS
Komisyonè

Pou: Fanmi DCF yo
De: Linda S. Spears, Komisyonè DCF
Dat: 8 Avril 2020
Sijè: Covid-19 Enfòmasyon ak Resous

(Depatman Timoun ak Fanmi) Department of Children and Families (DCF) angaje pou l asire sante ak sekirite timoun ak fanmi yo nan kominote nou yo. Pandan plizyè semèn ki sot pase yo, gouvènman federal ak eta nou yo te pran etap san parèy pou diminye pwopagasyon nouvo coronavirus (COVID-19) la. Nou rekonèt moman sa a trè difisil pou ou e aksyon y ap pran pou epidemi COVID-19 la kapab lakoz plis estrès, espesyalman si timoun ou yo nan swen DCF. Nou sousye anpil pou sante ak byennèt ou ak fanmi w e nou vle asire ou gen plis enfòmasyon ajou ke posib sou repons Commonwealth la ak kijan nou ka sipòte w pandan peryòd difisil sa a.

Biwo nou Yo

Biwo DCF yo ouvri, sepandan pifò anplwaye DCF yo ap travay nan telefòn e biwo yo fèmen pou vizitè k ap vini san randevou yo. Nou kenbe valè anplwaye nou bezwen nan zòn ak biwo rejyonal yo nan yon minimòm ki pèmèt nou pratike yon distans sosyal ki san danje.

Si w bezwen kontakte travayè sosyal ou, tanpri imèl oswa kite yon mesaj nan mesajri a. Ou kapab kontakte sipèvizè oswa manadjè yo si ou pa kapab jwenn yo. Ou kapab kontakte sipèvizè oswa manadjè a lè w rele nan nimewo telefòn prensipal biwo zòn nan. Ou kapab jwenn yon lis biwo DCF ak nimewo telefòn yo isit la:

https://www.mass.gov/orgs/massachusetts-department-of-children-families/locations?_page=1

Pou nou kapab bay patisipasyon nou nan redwi pwopagasyon COVID-19 la, travayè sosyal yo ap fè pifò vizit yo avèk timoun, fanmi ak fanmi adoptif yo atravè konferans videyo. Nou konprann kijan sa pral difisil men mwen vle aise w nou la pou sipòte w nan pwosesis sa a.

Si travayè sosyal yo bezwen fè yon vizit anpèsòn, yo pral poze w kèk kesyon avan pou yo vini lakay ou pou pwoteje sante tout moun. Travayè sosyal yo itilize atik pwoteksyon tou tankou gan ak mask lè y ap fè vizit yo pou yo asire sekirite tout moun.

Si w ta renmen diskite pwoblèm ki gen rapò ak dosye yo oswa poze kesyon sou pratik ak règleman dosye, ou kapab rele Office of the Ombudsman nan (617) 748-2444 oswa konplete yon fòm nan entènèt la nan <https://www.mass.gov/service-details/dcf-office-of-the-ombudsman>

Si w Gen Timoun ki nan Swen DCF

Li enpòtan pou w rete an kontak ak travayè sosyal ou ak avoka w pou mizajou yo. DCF ap travay avèk paran adoptif yo ak founisè yo pou asire sekirite pitit ou pandan epidemi sa a.

Odyans tribinal – Toude Tribinal Minè ak Siksesyon yo kounye a ap tande zafè ki ijan yo sèlman. Pwosè ak lòt zafè yo ap kontinye. Pou pwochen dat tribinal oswa lòt kesyon ou gen sou dosye w, ou dwe kontakte avoka w pou diskite plis sou sa.

Vizit – Nan lòd pou yo bay sekirite tout moun ki enplike yo priyòrite, yo fè vizit paran-timoun nan konferans videyo nenpòt lè li posib. Travayè sosyal ou pral travay avèk ou ak moun k ap pran swen pitit ou pou fasilite vizit konferans videyo yo. Nou rekonèt pral gen sikonstans ki mande pou gen yon vizit anpèsòn. Nou ankouraje w pale avèk avoka ak travayè sosyal ou sou sa.

Si w bezwen resous nan teknoloji pou w kapab kenbe kontak, Pwogram Lifeline la kapab yon opsyon pou ou. Pou w tcheke kalifikasyon oswa pou w aplike, ou kapab rele 1-800-392-6066 oswa vizite sit sa a:

<https://www.mass.gov/how-to/apply-for-a-discounted-communications-service-through-the-lifeline-program>

Sipòte W ak Fanmi W

Si w bezwen èd pandan peryòd kriz sa a, travayè sosyal ou kapab ede konekte w ak rezous ki nan ajans nou an oswa avèk lòt ajans sè nou yo ak founisè yo. Pou moun ki afekte nan itilizasyon sibstans, kriz sa a gen chans pou l chanje fason ou resewva sipò ak sèvis yo. DCF ap travay avèk espesyalis nou yo ak founisè yo nan gid pou ede w rete konekte ak sèvis yo.

Tan sa a kapab yon peryòd izolasyon pou anpil moun. Si ou menm oswa yon moun ou renmen, santi yo akable ak emosyon tankou tristès, depresyon, oswa anksyete, si w ap eksperimente vyolans domestik oswa si w santi ou vle fè tèt ou mal oswa lòt moun, tanpri chache èd touswit:

- Kontakte [Samaritans](#) 24/7. Rele oswa tèks liy dirèk nou an 24/7 nenpòt lè nan [1-877-870-4673](tel:1-877-870-4673).
- Kontakte [Crisis Text Line](#) lè w tèks HOME nan 741741
- Vizite nouvo sit [Massachusetts Network of Care](#) website la pou w lokalize resous sante konpòtman ki nan zòn ou a.
- Kontakte SAMHSA's Disaster Distress Helpline. Liy sa a bay moun ki gen detrès emosyonèl ki gen rapò ak koz natirèl oswa imèn konsèy ak sipò 24/7, 365-jou-nan-ane a. Rele [1-800-985-5990](tel:1-800-985-5990) oswa tèks **TalkWithUs to 66746** pou w konekte avèk yon konseye ki fòmè pou sikonstans sa yo.
- Kontakte (Pwogram Sèvis Ijans Massachusetts/Entèvansyon Kriz mobil) Massachusetts Emergency Services Program/Mobile Crisis Intervention (ESP/MCI) - [1-877-382-1609](tel:1-877-382-1609) (li plis sou pwogram sa a)

Enfòmasyon sou COVID-19 – Ou kapab jwenn enfòmasyon sou coronavirus, viris ki bay COVID-19 la nan sit (Depatman Sante Piblik Massachusetts) Massachusetts Department of Public Health la mass.gov/covid19, lè w rele 2-1-1 oswa vizite <https://mass211.org/> pou w diskite andirèk ak yon manm pèsònèl 2-1-1. Sit entènèt CDC a se <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>. Si ou pa santi w byen oswa si ou gen enkyetid sou sante w, tanpri rele founisè swen pèsònèl ou. Lyen Depatman Sante Piblik [paj COVID-19 la](#) pou w jwenn yon [resous nan entènèt](#) ou kapab itilize pou ede w evalye sentòm ou yo ak jwenn bon swen ou bezwen an.

Resous pou Chomaj, Lojman ak Manje – Si w bezwen aplike pou chomaj paske travay ou fèmen, ou kapab fè sa nan entènèt isit la: <https://www.mass.gov/how-to/apply-for-unemployment-benefits> oswa lè w rele nan (617) 626-6338.

2-1-1: Disponib 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn; Konekte moun k ap rele yo avèk sèvis Konekte moun k ap rele yo avèk sèvis kominotè ki esansyèl tankou manje, labank, resous lojman oswa swen pou timoun.

(Sant Resous pou Fanmi) [Family Resource Centers \(FRC\)](#): FRC lokalize atravè Massachusetts e li ofri yon varyete sèvis pou ede fanmi yo. Kèk nan FRC yo pa ouvè fizikman, men yo ede fanmi yo nan telefòn.

Resous pou Edikasyon ak Byennèt:

Nou konprann tan sa a kapab yon moman ki souvan difisil ak ensèten pou timoun ki lakay ou ak pou oumenm kòm moun k ap bay swen. Gen plizyè resous ki disponib pou pale avèk timoun sou COVID-19 la ak enpak pandemi a genyen sou lavi chak jou yo. Kèk nan resous yo se:

- (Rezo National sou Estrès Chòk Timoun) Child Traumatic Stress Network te devlope gid itil sa a pou paran ak moun k ap pran swen yo panse sou kijan yon epidemi maladi kontajye ka afekte fanmi yo — fizikman ak emosyonèlman—ak kisa yo kapab fè pou ede fanmi yo fè fas ak sitiasyon an. <https://www.nctsn.org/resources/parent-caregiver-guide-to-helping-families-cope-with-the-coronavirus-disease-2019>
- [Bwat Zouti sou Entènèt ki nan Sesame Street](#) la kapab ede fanmi ki gen jèn timoun yo estriktire jounen yo.
- Pou yo elaji opòtinite aprantisaj yo pi plis pou elèv yo, (Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts) Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education (DESE) te mete ansanm ak televizyon piblik [WGBH](#) ak patnè estasyon li an [WGBY](#) pou l bay resous pou elèv k ap aprann lakay yo itilize. Resous yo gen ladann estasyon ki fèk lanse a [sant aprantisaj a distans sou entènèt](#) (<https://www.wgbh.org/distance-learning-center>) avèk leson pou chak klas. Elèv lekòl pre-segondè ak segondè yo gen aksè tou nan plis pwogram edikasyon nan chèn WGBH ak WGBY WORLD soti nan midi pou rive 5 p.m., e timoun ki pi piti yo kapab branche sou lòt chèn difizyon tankou WGBH Kids pou pwogram edikasyon. Yo afiche lòt resous edikasyon siplemantè nan [sitwèb](#) DESE a ki se (<http://www.doe.mass.edu/covid19/ed-resources.html>).
- Resous ak konsèy pou ede w remonte sante emosyonèl ak byennèt ou pandan epidemi COVID-19 la <https://www.mass.gov/info-details/maintaining-emotional-health-well-being-during-the-covid-19-outbreak#tips-and-activities-for-children>

Tan sa a pa gen dout ladann se yon moman ki ba w ak fanmi w anpil estrès. Mwen ankouraje w pou w pran swen tèt ou ak moun ou renmen yo. Tanpri rete atantif sou sante w ak sante fanmi w ki gen ladann:

- Pratike distans sosyal nan yon minimòm 6 pye ant ou menm ak yon lòt moun
- Kouvri bouch ou lè w ap touse oswa estène, itilize yon mouchwa oswa andedan koud bra w.
- Lave men w pou 20 segonn avèk savon ak dlo tyèd souvan epi itilize dezenfektan pou men ki gen baz alkòl.
- Si w gen yon lafyèv oswa si w santi w malad, kontakte founisè swen sante w.
- Netwaye sifas yo manyen anpil yo tankou manch pòt ak kontwa yo avèk espre oswa ti sèvyèt dezenfektan.
- Panse davans sou kijan pou w pran swen tèt ou ak moun ou renmen si youn nan nou tonbe malad. Sa gen ladann planifye ki moun k ap vin pran swen pitit ou si w tonbe malad. Nan Massachusetts, yon paran ka bay pèmisyon pou moun kote pitit li ye a pran desizyon medikal ak edikasyonèl pou pitit la. Sa se yon pwosesis ki pi senp pase gadyen an, e yo pa bezwen depoze okenn fòm nan tribinal. Si w bezwen nonmen yon moun pou pran swen pitit ou, ou ka jwenn plis enfòmasyon ak enstriksyon isit la: <https://www.mass.gov/how-to/name-a-caregiver-for-your-child>